

PROGRAM NO: 343

BEBAYANIPUN ASEP ROKOK TUMRAP CALON BAYI / WASPADA TUMRAP WATAK KAREM BANDHA

Sedhèrèk kula, kados pundi pawartos panjenengan ing dinten menika? Kula, Lilis, manggihi panjenengan malih wonten ing adicaya Cahyaning Agesang. Mugi-mugi panjenengan ing dinten menika saé-saé kémawon saha séhat. Wonten bagéyan kaping sepindhah adicara Cahyaning Agesang dinten menika, kula badhé mbagé wawasan ngéngingi bebayanipun asepi rokok tumrap calon bayi. Mugi-mugi wawasan menika migunani kanggé panjenengan. Wonten ing bagéyan kaping kalih, ibu Arin badhé dumugi saha atur siraman rohani kanggé panjenengan. Inggih, sedhèrèk kula, sugeng mirengaken adicara menika.

Pasinaon kanggé Gesang_Bebayanipun Asep Rokok tumrap Calon Bayi

Sedhèrèk kula, kita sedaya sumerep ta, menawi rokok saha asepiipun menika mboten saé tumrap keséhatan kita? Ing pundi-pundi panggènan wonten pangènget, bilih rokok saged mbebayani tumrap gesangipun manungsa. Tiyang ingkang ngrokok saged kaserang sawetawis penyakit, kados ta, risakipun pembuluh rah ing utek, ingkang saged murugaken setrok. Lajeng tumrapipun tiyang ingkang mboten ngrokok nanging kénging asepi rokok ingkang terus-terusan, pramila tiyang menika ugi saged kémawon kaserang déning penyakit ingkang sami, inggih menika, setrok, kangker paru-paru, asma, penyakit lambung saha sanès-sanèsipun. Pramila saking menika, kathah tiyang ingkang ing pungkasanipun kèndel anggènipun ngrokok, saha kathah tiyang ingkang sampun kuwawa ngéndha saking asepi rokok, kanthi nganggé sawetawis cara, kados ta, nganggé masker kanggé nyegah asepi rokok mlebet wonten ing badan, utawi ngéndhani panggènan-panggènan ingkang kathah asepi rokokipun. Asepi rokok ugi sanget mbebayani tumrap calon bayi. Nah, menapa kémawon bebayanipun asepi rokok tumrap calon bayi?

Sedhèrèk kula, satunggalipun ibu ingkang saweg ngandheg/mbobot, wonten ing badanipun wonten makluk gesang ingkang naminipun calon bayi, ingkang kedah dipun ayomi saha dipun jagi. Kathah bab ingkang saged adamel calon bayi menika mboten séhat utawi kaancam gesangipun. Salah satunggal bab ingkang mbebayani tumrap pagesanganipun calon bayi, inggih menika asepiipun rokok. Ibu ingkang saweg ngandhut ingkang ngrokok, pramila asepiipun sacara langsung saged nuwuhaken bebaya tumrap calon bayinipun. Pramila saking menika, satunggalipun ibu ingkang saweg ngandhut dipun awis ngrokok, menawi kepingin calon bayinipun aman saha séhat.

Sanadyana ibu ingkang saweg ngandhut mboten ngrokok, nanging tansah wonten ing panggènan ingkang kebak kaliyan asepi rokok, pramila asepi rokok ugi bisa mlebet wonten ing badanipun ibu

ingkang saweg ngandhut saha nuwuhaken bebaya tumrap calon bayinipun, ugi tumrap badanipun piyambak. Ibu ingkang saweg ngandhut saged kénging asepi rokok wonten ing nggriyanipun piyambak, menawi wonten anggota kulawarganipun ingkang ngrok. Ibu ingkang saweg ngandhut ugi saged kénging asepi rokok wonten ing panggènan-panggènan umum, kados ta, ing stasiun, ing peken, utawi ing panggènan piyambakipun medamel.

Sedhèrèk kula, kita sumerep asepi rokok ngandhut jat kimia ingkang sanget mbebayani tumrap keséhatanipun manungsa, manapa malih tumrapipun calon bayi. Asepi rokok saged mlebet wonten ing badanipun ibu ingkang saweg ngandhut, saha saged ngracuni calon bayi ingkang piyambakipun kandhut. Para ahli keséhatan Amerika sanjang, bilih jat kimia ingkang mlebet wonten ing badanipun ibu ingkang saweg ngandhut menika saged murugaken kerisakan genétik, ingkang ing mangkènipun saged dados wiwitanipun penyakit léukimia utawi kangker sanèsipun.

Nah, salintunipun murugaken kangker, asepi rokok ingkang mlebet ing wonten ing badanipun ibu ingkang saweg ngandhut badhé murugaken:

Pejahipun calon bayi wonten ing lebetipun kandhutan, utawi menawi calon bayi menika kasil lair saged kémawon badhé nandhang cacad. Asepi rokok ugi saged murugaken bobotipun calon bayi andhap, karena racun saking asepi rokok saged ngrendhet ilinipun rah, kamangka ilinipun rah minangka sumber nutrisi tumrap bayi. Racun asepi rokok ugi saged murugaken calon bayi kaserang déning werni-werni penyakit, dalanipun abegan, kados ta, bronkitis, pnéumonia, asma, ugi infèksi kuping. Selajengipun bayi ingkang wonten ing kandhutan ingkang kénging asepi rokok saged ngalami pejah ndadak ing nalika dipun lairaken, utawi boboting badanipun kirang.

Saha taksih miturut panelitènipun para ahli keséhatan sanjang, bilih jat racun ingkang kakandhut déning asepi rokok, menawi mlebet ing badanipun calon bayi ingkang taksih wonten ing kandhutan, pramila calon bayi menika badhé ngalami ribahipun struktur DNA nipun, ingkang badhé murugaken ringkihipun sistém kekebalan badanipun calon bayi menika. Calon bayi ingkang sistem kekebalan badanipun kirang, pramila badhé gampang nandhang infèksi.

Sedhèrèk kula, asepi rokok saèstu ngrugèkaken keséhatanipun calon bayi. Pramila saking menika, ibu ingkang saweg ngandhut mboten pikantuk ngrok saha nebihi asepi rokok ing pundi kémawon kawontenanipun. Menawi mboten saged nebihi asepi rokok, pramila ibu ingkang saweg ngandhut kedah nganggé masker ingkang aman, supados asepi rokok mboten mlebet ing badanipun. Calon bayi wonten ing kandhutan mboten saged nylametaken dhirinipun piyambak, piyambakipun sanget gumantung dhateng ibunipun. Pramila saking menika ibu ingkang saweg ngandhut, kedah nresnani

calon bayinipun. Menawi ibu ingkang saweg ngandhut nresnani calon bayinipun, pramila piyambakipun badhé nebih saking asepe rokok.

Sedhèrèk kula, mugi-mugi wawasan ngéngingi bebayanipun asepe rokok tumrap calon bayi menika kalawau migunani kanggé panjenengan wonten ing njagi keséhatanipun calon bayi ugi keséhatanipun kulawarga panjenengan. Tetapa anikmati adicara menika, karena sekedhap malih ibu Arin badhé atur siraman rohani kanggé panjenengan, supados iman panjenengan dipun kiyataken. Nanging sadèrèngipun menika, mangga kita sesarengan mirengaken satunggal pepujen, mugi-mugi manah kita kalipur.

Waspada Tumrap Watak Karem Bandha

Sedhèrèk kula, Gusti Yésus ngandika:

"Padha sing awas lan dingati-ati bab watak karem bandha. Sebab senajan wong duwé bandha akèh, éwasemono uripé wong mau ora gumantung ing bandha kuwi." (Lukas 12:15b).

Dinten menika Gusti Yésus paring pituwah, supados kita waspada tumrap sedaya watak karem bandha/kesrakahan. Tegesipun, kita mboten dipun keparengaken tamak. Kita sumerep artosipun tamak ta? Tamak tegesipun saged ugi srakah, ingkang artosipun kepingin nggadhahi ingkang kalangkung-langkung saha lubèr kanggé dhirinipun piyambak. Woten ing pagesangan sedinten-dinten, kita saged kepanggih kaliyan tiyang ingkang tamak. Cirinipun tiyang ingkang tamak kita ugi sampun nyumerepi. Sanget gampang kita nepangi tiyang ingkang tamak, saha kita mboten remen menawi nggadhahi kanca ingkang tamak ta?

Pituturipun Gusti Yésus ing dinten menika, mboten kanggé tiyang sanès, nanging kanggé kita ingkang saweg mirengaken giyaran menika. Kita mboten dipun keparengaken tamak/srakah. Gusti karsa, supados kita tansah waspada menawi kita sampun wiwit srakah, karena ketamakan sanès patrap ingkang kapuji saha ingkang ngluhuraken Gusti. Patrap tamak tansah ngupados kauntungan dhiri piyambak. Kita ugi kedah sumerep ing pundi njedhulipun bibit kesrakahan menika. Menawi kita naté srakah, kita badhé sumerep ing pundi njedhulipun kesrakahan menika, tamtu saking manah kita ta? Gusti Yésus piyambak ngandika:

Sebab kuwi metu saka njeroning atiné manungsa. Ya saka ing ati kuwi tekané pikiran-pikiran ala sing njalari wong laku jina, nyolong, matèni,

laku bandrèk, srakah, lan sakèhé penggawé ala, ngapusi, kurang ajar, mèri, memisuh, umuk, sembrana.

Kabèh sing ala kuwi metu saka njeroné manungsa. Lan ya kuwi sing marahi manungsa dadi najis."
(Markus 7:21-23).

Dados kita kedah waspada ugi tumrap manah kita. Minangka ingkang nggadhahi manah kita piyambak, kita kedah sumerep menapa ingkang wonten ing lebetipun manah kita. Karana menawi kita mboten sumerep menapa isinipun manah kita, pramila kita saged kemawon kajegur wonten ing kesrakahan.

Kita taksih ènget ta kaliyan tiyang ayu pegawé satunggalipun bang swasta menika. Wanita ayu menika sampun nggadhahi gaji/bayaran ingkang ageng, sampun pikantuk kapitadosan saking pimpinanipun, nanging piyambakipun srakah mendheti artaning nasabahipun. Arta ingkang dipun pendhet sanget kathah, temah piyambakipun saged tumbas sawetawis montor méwah, nggriya méwah, saha sanès-sanèsipun. Samangké gesangipun sangsara, piyambakipun kedah dipun kunjara. Arta ingkang lubèr ingkang piyambakipun klempakaken mboten saged milujengaken gesangipun. Malahan mboten saged ndadosaken piyambakipun bagya.

Sedhèrèk kula, wanita pegawé bang menika namung salah satunggalipun conto manungsa ingkang srakah saha tamak, ingkang gesangipun kapungkasan wonten ing pakunjaran. Kita asring ningali kados pundi pejabat ingkang tamak saha srakah, ingkang ing pungkasanipun dhawah. Tiyang-tiyang menika kita saged sebataken, saé menika jaler utawi èstri, ingkang gesangipun kedah kakunjara karena patrap tamak menika. Patrap tamak menika saged mbeta satunggalipun tiyang dados koruptor. Nah, menawi satunggalipun tiyang ingkang tamak ing tembénipun dados koruptor, piyambakipun saged kémawon ngrugèkaken dhirinipun piyambak, nanging ugi ngrugèkaken kathah pihak, negari dipun rugèkaken, perusahaan ugi saged bangkrut. Karyawan saged kécalan pendamelan awit karena satunggalipun pemimpin ingkang tamak, lajeng korupsi saha murugaken kapitunan/karugèn.

Patrap tamak mboten badhé ngasilaken utawi ngawohaken menapa-menana wonten ing gesang kita. Sanandiyana kita kasil anggènipun nggayuh sedaya pepinginan saha sedaya impèn kita, nanging cara ingkang kita damel mboten leres, pramila gesang kita badhé ajur. Patrap tamak ugi mboten badhé adamel gesang kita saé saha bagya, kados ingkang dipun ngandikakaken déning Gusti Yésus kalawau, bilih gesang kita menika mboten gumantung dhateng kasugihan. Kasugihan kita mboten badhé mbeta kita dhateng suwargi. Kasugihan mboten badhé saged mbikak konten suwargi kanggé kita. Saha patrap tamak badhé malangi kita dados manungsa ingkang saé, karena tiyang ingkang tamak sampun tamtu mboten badhé kepingin tumindak saé dhateng tiyang sanès, tiyang ingkang tamak sampun tamtu mboten badhé mbiyantu tiyang sanès, saha tiyang ingkang tamak mboten badhé lila nyukakaken artanipun kanggé tiyang sanès ingkang mbetahaken pambiyantu.

Sedhèrèk kula, patrap tamak menika tansah nggodha gesang kita. Mbok menawi kita mboten naté nggadhahi pepinginan tamak, nanging karena kita mboten waspada saha nepsu nggadhahi samukawis langkung kathah menika, sanadyana namung sekedhik kémawon, pramila kita badhé wiwit dados tiyang ingkang tamak. Wiwitanipun kita kepingin satunggal nggriya kémawon, nanging awit karena ningali kanca ingkang nggadhahi gangsal nggriya, pramila kita ugi kepingin nggadhahi gangsal nggriya. Wiwitanipun kita namung kepingin satunggal montor kémawon, nanging awit karena kanca kita montoripun tiga, pramila kita ugi kepingin nggadhahi tigang montor.

Kanggé malangi/nyegah patrap tamak wonten ing dhiri kita, pramila kita kedah tansah ènget pituwahipun Gusti Yésus: ***"Padha sing awas lan dingati-ati bab watak karem bandha. Sebab senjata wong duwé bandha akèh, éwasemono uripé wong mau ora gumantung ing bandha kuwi."*** (Lukas 12:15b).

Salintunipun kita kedah tansah ènget pituwahipun Gusti Yésus menika, kita ugi kedah giyat nindakaken prekawis ingkang nempuh patrap tamak menika.

Kaping sepindhah, kita kedah tansah ngucap sokur atas menapa kémawon ingkang kita gadhahi. Ngucap sokur dhumateng Gusti tumrap menapa kémawon ingkang kita gadhahi, badhé nuntun kita nggadhahi pengraos cekap. Menawi kita nggadhahi raos cekap, pramila kita mboten kepingin tamak.

Bab selajengipun ingkang prelu kita tindakaken, kanggé nyegah ketamakan, inggih menika welasan. Patrap welasan dhateng sok sintena kémawon menika, badhé nyukani kasempetan dhateng kita kanggé ningali kawontenan saha kabetahanipun tiyang sanès. Sampun ngantos rumaos rugi, menawi kita welasan dhateng tiyang sanès, karena Gusti Yésus ngandika, bilih tiyang ingkang welasan badhé gesang bagya, karena Gusti Yésus badhé paring piwelas.

Raos cekap saha welasan dhateng tiyang sanès, minangka senjata/dedamel kanggé lumawan ketamakan. Raos cekap saha welasan mboten lelawanan kaliyan karsanipun Gusti. Malahan raos cekap saha welasan, inggih minangka wohipun pagesangan kita ingkang ngluhuraken Asamanipun Gusti. Gusti Yésus paring piwucal dhateng kita supados nresnani sasami kita kados déné dhiri kita piyambak.

Sedhèrèk kula, tiyang ingkang sregep/taberi mriksa manahipun, badhé sanget nyumerepi menapa kémawon ingkang wonten ing salebeting manahipun. Menawi satunggalipun tiyang sampun taberi mriksa manahipun saha sampun nyumerepi wontenipun bibit-bibit ketamakan, pramila piyambakipun sampun kedah waspada. Piyambakipun kedah énggal ngedalaken winih-winih ketamakan menika. Sasampunipun ngedalaken winih ketamakan, tiyang menika kedah énggal ngisi manahipun kaliyan

raos cekap, saha kedah énggal nedahaken patrap welasan tumrap tiyang sanès ingkang wonten ing sakiwa-tengenipun. Prekawis menika panci mboten gampil, nanging menawi kita ènget dhateng ketamakan ingkang namung badhé ngejur manah kita, pramila kita badhé sagah nindakaken. Saha kita kedah tansah ènget, menawi kita nggadhahi niat/kekajengan ingkang saé, pramila Gusti badhé mitulungi kita. Inggih namung Gusti kémawon ingkang badhé adamel kita sagah nindakaken prekawis ingkang èwed kita tindakaken.

Rasul Paulus ngandika:

3:5 Mulané kowé padha nyandheta pepénginan lan hawa-nepsu sing njalari kowé ngangah-angah, kayata: laku jina, tindak rusuh, birahi, kepéncut, lan karem bandha (awit karem bandha kuwi sawijining patrap nyembah marang brahala).

3:6 Merga saka prekara-prekara sing mengkono kuwi laknaté Gusti Allah bakal kaesokaké marang sadhéngah wong, sing mbangkang marang Panjenengané. (Kolósé 3:5-6).

Gusti mberkahi panjenengan. Amin.